



Pou Piblikasyon Imedya: 8/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GEN 35 MILYON DOLA KI DISPONIB POU PWOJÈ LOJMAN KI BAY SIPÒ PÈMANAN

Yo te pibliye [Apèl Dòf](#) pou finansman atravè Inisyativ Lojman ki bay Sipò Empire State la

Pri pou bay depans operasyon pou 1,400 inite lojman ki bay sipò nan tout eta a

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse disponiblite 35 milyon dola finansman pou bay sèvis sipò pou pwojè lojman bon mache nan tout eta a. Setyèm faz finansman atravè Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State la (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) ap ede kouvri depans operasyon pou 1,400 inite lojman ki bay sipò pèmanan k ap ede diminye enstabilite lojman pami popilasyon vilnerab yo nan New York.

"Lojman ki bay sipò se yon eleman enpòtan nan efò nou pou konstui kominote ki enklizif epi asire ke tout Nouyòkè gen yon kote ki an sekirite, nan pri ki abòdab ke yo rele lakay yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman ki anonse jodi a atravè Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State la ap enpòtan anpil pou abòde rasin pwoblèm enstabilite lojman an epi rejwi popilasyon ki majinalize epi ki pi vilnerab nou yo."

Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta a - ajans acha prensipal pou inisyativ la -te pibliye yon [apèl dòf](#) jodi a pou finansman Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State la, ki dispèse nan yon gwoup travay entè-ajans ki gen uit ajans Eta k ap sèvi Nouyòkè ki vilnerab yo. Inisyativ la bay finansman pou operasyon pou founisè sèvis sipò yo k ap sèvi veteran ki sanzabri ansanm ak fanmi yo; viktim vyolans domestik yo; sitwayen granmoun oubyen tigranmoun ki frajil yo; jèn granmoun ki gen istorik nan prizon, sitiwayon sanzabri oswa fanmi dakèy yo; fanmi ak moun ki nan sitiwayon sanzabri kwonik yo; moun ki gen andikap entelekyèl oswa devlopmanmantal yo; moun k ap retounen nan kominote a apre yo soti nan prizon; ak moun ki ap viv ak VIH oswa SIDA, maladi mantal ki grav ak/oswa twoub toksikomani yo.

Pwojè yo ka resevwa jiska 25,000 dola pa inite pa ane pou finansman sèvis ak fonksyonman yo bezwen pou fè fonksyone inite lojman sipò pèmanan yo. Yo atann aplikan sa yo pral garanti finansman kapital apa pou finanse devlopman ak konstriksyon pwojè lojman yo an.

Finansman yo bay atravè inisyativ la ka itilize pou asistans lwaye ak sèvis pou popilasyon sib ki kalifye yo pou asire establiite lojman yo. Itilizasyon ki otorize yo se sibvansyon lwaye ak lòt depans okipasyon; sèvis oswa anplwaye pou idantifye epi lokalize moun ki kalifye ki bezwen lojman; sèvis sante regilye ak sante konpòtmantal; fòmasyon pwofesyonèl ak travay; asistans pou edikasyon, devlopman konpetans ak sipò pou paran; asistans oryantasyon pou swen timoun ak entèvansyon pou kriz; sèvis pou timoun, ki enkli defans edikatif, sipò ak oryantasyon; ak depans ki asosye ak sèvis ki ede moun ak fanmi yo rete loje.

Rechèch yo montre ke lojman ki bay sipò pèmanan diminye demann pouabri, kabann lopital, sal ijans, prizon, anplis sa gen efè pozitif sou travay, prezans nan lekòl ak byennèt mantal ak fizik. Pwojè lojman ki bay sipò yo ka afekte katye yo pozitivman atravè nouvo konstriksyon oswa nan reparasyon bilding ki egziste yo.

Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State la se yon eleman enpòtan nan plan odasye Gouvènè Hochul la nan tout eta a pou fè lojman vin pi abòdab, ekitab, epi estab. Nan Bidjè Ane Fiskal 2023 a, Gouvènè Hochul te garanti ak sikses, yon nouvo plan lojman konplè ki koute 25 milya dola, sou senk ane, k ap ogmante rezèv lojman lè li kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Komisè Biwo Sante Mantal Eta New York la, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Pwogram ESSHI a, ak angajman Gouvènè Hochul pou lojman ki bay sipò te bay nouvo opòtinite pou plizyè milye moun ak fanmi ki vilnerab. Lojman ki bay sipò se yon resous ki pwisan ki ede moun viv nan fason ki pwodikatif, reyisi epi reyalize lavi yo nan pwòp kay yo ak pwòp kominote yo, epi nou menm nan OMH, nou fyè pou rejwenn patnè nou yo nan gouvènman eta a pou ofri opòtinite finansman."

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Mary T. Bassett, te deklare. "Aksè nan lojman ki nan pri abòdab ak sipò pa sèlman amelyore kalite lavi Nouyòkè yo men amelyore dirèkteman tou sante pèsònèl yo, k ap bay anpil kapasite pou soti nan sitiyoasyon sanzabri epi viv nan lojman pèmanan nan kominote a. Sa se yon lòt ilistrasyon de angajman Gouvènè Hochul pou sipòte Nouyòkè ki pi vilnerab yo lè li konstui lojman nan pri ki abòdab, ak sèvis sosyal sou plas, Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State la fè pwomosyon ekite sosyal ak pwosperite ekonomik pou tout Nouyòkè."

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Lojman ki bay sipò bay fanmi ak moun yo opòtinite pou reyalize lavi ki estab epi ki sen nan katye yo chwazi ak nan kay yo ka rele pa yo. Faz 7 la nan Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State la ap mete 35 milyon dola disponib pou ede yon lòt 1,400 fanmi New York. Gras ak angajman alontèm Gouvènè Hochul pou konbat sitiyoasyon sanzabri a ak ensekirite lojman, n ap kontinye konstui epi prezève devlopman lojman nan pri ki abòdab ki k ap abouti sou kominote ki pi solid epi ki pi ekitab."

Komisè Biwo Eta New York pou Asitans Tanporè ak pou Andikap, Daniel W. Tietz, te deklare, "Gouvènè Hochul rekonèt ke li nesese pou gen plis pase mòtye ak blòk pou bay lojman pou sila yo ki te eksperimante sitiyaasyon sanzabri, epi Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State la fondamantal pou efò sa yo. Konbinezon lojman ak sèvis sipò a ka ede estabilize lavi kèk nan kamarad Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo, k ap ba yo lespwa ak opòtinite pou yon lavi miyò."

Komisè Biwo Moun Ki Gen Andikap Devlopman la (Office for People With Developmental Disabilities, OPWDD), Kerry Neifeld, te deklare, "Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State la kontinye bay opòtinite ki vital pou Nouyòkè ki gen twoub devlopman yo pou viv nan fason endepandan pandan y ap resevwa asistans yo bezwen an. Ak pwogram ekspansyon chak ane a, plis moun kapab reyalize rèv pou genyen yon kote ki pou yo. OPWDD kontan pou sipòte inisyativ sa ankò ane sa pou ofri lespwa, fyète ak satisfaksyon pou plis Nouyòkè toujou ki gen twoub devlopman pandan y ap sipòte yo pou yo viv nan pwòp kay yo epi fè pati kominote yo a."

Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik Eta New York la, Kelli Owens, te deklare, "Vyolans domestik se koz prensipal sitiyaasyon sanzabri pou fanm ak timoun nan Etazini. San aksè nan lojman ki an sekirite epi ki nan pri abòdab, viktim vyolans ki baze sou sèks yo souvan oblije chwazi ant sanzabri ak yon lavi abi. Inisyativ Lojman ki Bay Sipò Empire State la abòde bezwen enpòtan sa a epi kreye opòtinite pou plis viktim fè tranzisyon nan yon lavi libète. Mwen onore pou sèvi yon Gouvènè ki konprann entèseksyon ant estabilite lojman ak vyolans ki baze sou sèks epi sipòte inisyativ ki santre sou sivivan yo ki bay sekirite priyorite."

Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la, Chinazo Cunningham, te deklare, "Li enpòtan vitalman pou moun ki afekte pa twoub toksikomani yo gen yon kote ki estab epi ki sekirize ke yo rele lakay yo, epi mwen rekonesan pou angajman Gouvènè Hochul pou kreye plis lojman ki bay sipò atravè Eta New York. Gras ak nouvo inite sa yo, plis Nouyòkè ap kapab gen aksè yo bezwen pou sipòte sante yo."

Komisè Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta New York la, Sheila J. Poole, te deklare, "Jèn adilt yo bezwen lojman ki estab pou reyisi nan lavi, ke yo te sanzabri anvan, y ap grandi apre sistèm fwaye akèy la oswa y ap retounen nan kominote a apre yon plasman jistis pou moun ki pako gen dizwit tan. Lojman ki an sekirite epi ki bay sipò ofri sekirite ke jèn moun yo bezwen pou yo ka konsantre pou pouswiv yon opòtinite edikasyon, travay, oswa pwofesyonèl k ap sipòte yon lavi ki pwodiktif epi ki sen."

###